

# Dènnye Nouvèl sou Plent Ramos Kont Nielsen an

## Konsekans Lòd Tribinal *Ramos kont Nielsen* an pou Kanpe sou afè sispann TPS la

Nan lòd 3 oktòb 2018 li a, Tribinal Distri Ozetazini an pou Distri Nò Kalifòni a te enpeche Depatman Sekirite Nasyonal an (Department of Homeland Security, DHS) mete an plas oubyen enpoze desizyon li pou sispann Estati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status, TPS) pou Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò pandan ka a ap kontinye nan sistèm jiridik la. DHS pa'p ka sispann TPS pou peyi sa yo toutotan lòd la rete an vigè. Lòd la mande tou pou DHS kontinye valide dokiman ki montre dwa pou rete isit ak dwa pou travay pou moun ki afekte yo, moun TPS ki soti nan peyi sa yo. Nan dat 31 oktòb 2018, DHS te pibliye yon Anons lan yon Rejis Federal (Federal Register Notice, FRN), [ki mande pou yo Kontinye Dokimante Moun ki sòti nan Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò, peyi sa yo ki benefisyè Estati Pwoteksyon Tanporè](#) (83 FR 54764). Nan dat 1ye mas 2019, DHS te pibliye yon dezyèm [FRN](#) , (FR 2019-03783).

Pandan tout tan ke pwemye lòd sispansyon sa an vigè, moun ki sòti lan Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò a ap pral kenbe TPS yo, depi ke INA seksyon 244 (c)(3) oubyen 8 CFR 244.14 pa't retire TPS lan men moun nan paske li pa't kalifye.

## Estati pou Kounye a

Pou kounye a, pwemye lòd sispansyon a an vigè. Jan lòd la mande li, toutotan pwemye lòd sispansyon tribinal 3 oktòb 2018 an vigè peyi kankou Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò a pral rete ak TPS yo. Pou konfòme li avèk lòd sispansyon tribinal la, nan dat 1ye mas 2019, DHS te pibliye yon dezyèm FRN ki otomatikman pwolonje jiska 2 janvyè 2020 dokiman sa yo ki dekri nan anons la: Dokiman ki Pèmet ou Travay [Kat Travay] (Employment Authorization Documents EAD); Fòm I-797, Anons Aksyon (Anons ke yo Apwouve); ak Fòm I-94, Dosye Vini / Ale, (tout "Dokiman ki gen rapò ak TPS") pou moun TPS ki kalifye, epi ki afekte, ki soti Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò.

Gouvènman an te fè apèl devan Tribinal Apèl Ozetazini nan Nevyèm Sikwi a kont pwemye lòd sispansyon an. Kounye a tribinal la pase on lòd pou yo kanpe sou tout pwosè ki devan tribinal distri a tout otan apèl an poko fini.

Moun ki gen TPS yo ap kenbe estati yo; men chak moun dwe kontinye fè tout sa ke yo mande li pou li kalifye pou TPS lan jan li ekri nan INA a, seksyon 244(c) ak 8 CFR 244, ansanm ak jan ke yo eksplike li nan [Fòm I-821, Aplikasyon pou Estati Pwoteksyon Tanporè](#). Pami kondisyon yo, gen dènye sa TPS mande, ki se pou moun re-enskri anba peyi yo pou yo ka benefisyè TPS lan; li disponib tou sou [paj entènèt USCIS TPS](#) la, epi yo disponib tou anba paj entènèt TPS chak peyi. Pou kesyon sou vwayaj pou moun ki gen TPS yo, tanpri al gade nan [Paj Vwayaj TPS la](#) [TPS Travel Page].

## Si yo ta vire kont li

Si tribinal ta decide kont premye lòd lan epi se denye desizyon li, lè sa a yo ka retire TPS pou kat (4) peyi sa yo, sòf si denye lòd tribinal la mete lòt limit sou sispansyon yo. Si yo ta pran youn oubyen plizyè desizyon pou sispann TPS lan, avan DHS mete an plas ak enpoze desizyon sa a pou retire TPS lan, li pwal bay peyi ki afekte yo on peryòd tranzisyon pou omwen 120 jou apati de dat ke yo pran denye desizyon sa a. Pandan peryòd tranzisyon an, moun ki gen TPS yo e ki pa gen lòt estati imigrasyon legal oubyen otorizasyon pou rete Ozetazini yo, dwe kite peyi an, oubyen yo ka depòte yo.

## Jan pou Demontre Estati Pwoteksyon Tanporè

Dapre jan yo chwazi TPS pou Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò moun ki sòti lan peyi sa yo ka montre kòm prev valab dènye dokiman TPS ke yo te bayo ki gen dat ekspirasyon li 2 avril 2019. Si yo pa gen okenn nan dokiman sa yo, yo ka montre dokiman ki gen rapò ak TPS yo; yo te pale de yo nan [FRN](#) nan dat 1ye mas 2019, ki te pwolonje otomatikman jiska 2 janvyè 2020, *ansanm ak FRN sa a*. Ou ka jwenn yon lis dokiman sa yo nan seksyon ki rele "Pwolongasyon Otomatik kat travay yo" ak "Pwolongasyon Otomatik Fòm I-94 (Dosye Vini/Ale) ak Fòm I-797 Anons sou Aksyon (Anons ke yo Apwouve))."

Jan yo di'w nan [FRN](#) sa a, si premye lòd *Ramos* la kontinye an vigè apre 2 janvyè 2020, DHS pwal pibliye yon lòt anon ki pwal pwolonje otomatikman pou nèf (9) lòt mwa dokiman ki gen

rapò ak TPS pou moun ki kalifye ki soti Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò yo, epi li pwal kontinye pibliye menm kalite anons sa yo chak nèf (9) mwa, si li nesèsè.

## **Pou Kounyen Dat ke la’p fini**

Dapre jan yo chwazi TPS pou Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò Moun ki sòti lan peyi sa yo pwal toujou gen TPS yo ki valab Ozetazini toutotan premye lòd *Ramos* la, oubyen nenpòt lòt lòd tribinal, anpeche DHS mete an plas oubyen enpoze desizyon li pou koupe TPS, depi chak moun ki gen TPS lan toujou kalifye. Gen kèk moun ki gen TPS ki ka genyen lòt estati imigrasyon valab oubyen lòt otorizasyon pou rete Ozetazini ki ka kontinye rete menm lè TPS pou peyi pa yo fini. Si yon lòd tribinal ta pèmèt yo sispann TPS pou nenpòt peyi, USCIS pwal voye yon FRN, si li nesèsè, epi l’ap mete ajou sou sit entènèt li pou fè moun ki gen TPS yo konnen dat l’ap fini an ak nenpòt peryòd tranzisyon ki ka genyen.

## **Re-Enskripsyon**

Dapre jan yo chwazi TPS pou Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò, moun ki gen TPS kounye a pa bezwen re-enskri pou yo ka kenbe TPS lan, depi yo te re-enskri kòm sadwa pou TPS pandan dènye peryòd enskripsyon pou peyi pa yo a. Si ou byen re-enskri pandan peryòd re-enskripsyon sa yo pou peyi w la, ou pa’p bezwen pote nouvo anprent ak foto, amwenske USCIS te voye yon papye espesyalman ba ou ki di ou bezwen ale nan yon randevou pou yo fè anprent ak foto pou ou.

<b>Peyi</b>	<b>Dat Re-Enskripsyon yo</b>
Soudan	11 oktòb 2017 - 11 desanm 2017 25 janvyè 2016 - 25 mas 2016
Nikaragwa	15 desanm 2017 - 13 fevriye 2018 16 me 2016 - 15 jiyè 2016
Ayiti	18 janvyè 2018 - 19 mas 2018

## **Peyi**

## **Dat Re-Enskripsyon yo**

24 me 2017 - 24 jiyè 2017

25 out 2015 - 26 oktòb 2015

Èl Salvadò

18 janvye 2018 - 19 mas 2018

8 jiè 2016- 6 septanm 2016

Moun TPS yo, ki pa t re-enskri pandan dènnye peryòd la, ka toujou ranpli Fòm I-821, Aplikasyon pou Estati Pwoteksyon Tanporè, men yo dwe demontre yon " rezon valab" kifè yo pa te re-enskri a tan, jan lalwa mande'l. Gade INA, seksyon 244(c)(3)(C). Ladan w'ap jwen Moun anba TPS Ayiti ki pa te re-enskri apre me 2017, pwolongasyon sis (6) mwa ke yo te bay pou Ayiti.

Moun k'ap re-enskri an reta yo dwe voye on lèt ki eksplike tout rezon ki fè ke yo pa't voye aplikasyon re-enskripsyon yo alè dapre dènnye anonse FRN te fè sou koze re-enskripsyon peyi TPS yo.

Si ou re-enskri apre peryòd re-enskripsyon an paske DHS te anonse ke li t'ap koupe TPS pou peyi'w la, ou dwe eksplike kijan anons sa a te afekte ou, tankou kijan desizyon pou koupe li a te fè ou pa re-enskri. USCIS pwal konsidere eksplikasyon sa a pou li wè si yo ka kalifye kòm "yon rezon valab" kifè ou pa te re-enskri alè. Sepandan, si anons pou koupe TPS la pa te fè'w voye aplikasyon lan anreta, ou pa dwe mete li kòm yon rezon. Aplikan yo dwe bay verite lè y'ap eksplike rezon yo.

## **Anprent ak Foto**

Dapre anons sou dènnye pwosedi re-enskripsyon an, moun ki gen TPS, ki gen 14 zan oubyen plis, ki pa't voye aplikasyon pou yo re-enskri yo, dwe mete anprent ak foto yo lè y'ap voye aplikasyon re-enskripsyon an reta. USCIS a pwal voye bay moun nan, si li nesèsè, yon papye k'ap di li ki lè pou li vin fè anprent ak foto li. Epi tou, USCIS ka voye apa yon papye bay yon moun ki gen TPS, ki te re-enskri kòrèkteman, men ki te ranpli yon [Fòm I-765](#), Aplikasyon pou Otorizasyon Travay (Application for Employment) pou yon kat travay [EAD].

## Dokiman Otorizasyon Travay

Nan [FRN a \(PDF\)](#) ki te pibliye nan dat 1ye mas 2019, DHS te anonse pwolongasyon otomatik kat travay jiska 2 janvyè 2020 an, pou moun ki gen TPS ki sòti Soudan, Nikaragwa, Ayiti, ak Èl Salvadò. Moun TPS yo ki gen kat travay ki pwolonje otomatikman, pa bezwen aplike pou yon nouvo kat travay, men yo ka fè sa si yo vle. Anplis, moun TPS ki sòti nan kat (4) peyi sa yo, ki gen kat travay ak aplikasyon pou re-enskripsyon an atant, yo a pwal resevwa yon kat travay k'ap ekspire 2 janvyè 2020, si USCIS apwouve aplikasyon yo pou re-enskripsyon ak kat travay lan.

Si DHS ta pibliye yon lòt FRN avan 2 janvyè 2020, lè sa, li pwal pwolonje kat travay yo otomatikman pou moun ki kalifye pou TPS ki sòti nan kat (4) peyi sa yo.

Nenpòt ki moun ki kalifye pou TPS ki sòti Soudan, Nikaragwa, Ayiti, oubyen Èl Salvadò ki pa gen yon kat travay ki pwolonje otomatikman nan [FRN](#) nan, oubyen ki vle aplike pou yon kat travay menm si yo gen yon ansyen kat travay ki pwolonje otomatikman dapre FRN nan, ka ranpli [Fòm I-765](#) ak kòb ke yo mande an (oubyen fè demann pou pa peye kòb lan). Si USCIS apwouve aplikasyon an, li pwal bay yon kat travay ki ap ekspire 2 janvyè 2020.

Moun TPS yo ka kalifye pou yo pa peye kòb sa dapre 8 CFR 103.7(c). Si ou kwè ou kalifye pou pa peye kòb sa, ranpli [Fòm I-912, Demann pou pa bezwen peye kòb la](#), oubyen voye yon demann alekri, epi voye li ak nenpòt prèv ki nesesè pou montre ke ou pa gen mwayen pou peye kòb la ak [Fòm I-765](#) ou a.

Ou ka [tcheke sou sit entènèt USCIS la](#) konbyen tan yo pran pou trete tout fòm USCIS yo.




## Jan pou Montre Kalifikasyon ou pou Travay

Lè w ap ranpli [Fòm I-9, Verifikasyon sou Kalifikasyon ou pou Travay \(Employment Eligibility Verification\)](#), kòm prèv kalifikasyon pou travay ak idantite ou, moun ki gen TPS yo ka prezante patwon yo kat travay ki pa ekspire yo, kat travay ki ekspire yo ak papyè moun an ki pwolonje kat la otomatikman, oubyen kat travay ki ekspire yo ki te pwolonje otomatikman ke [FRN](#) pale de yo nan date 1ye mas 2019 la. Anplwaye ki gen yon kat travay ekspire ki te pwolonje otomatikman ka itilize yon kopi FRN nan tou pou montre nouvo dat ekspirasyon kat travay lan. Jan nou wè tou nan FRN an ak nan [paj santral entènèt USCIS I-9 la tou](#), yon moun ka ranpli kondisyon nan Fòm

I-9 sou verifikasyon pou kalifikasyon travay ak nenpòt ki kalite dokiman yo, oubyen konbinezon dokiman, ki dekri nan Fòm I-9 yo.

Fòm I-9 obligatwa pou tout travay Ozetazini, men, se sèlman lè moun jwennnan travay pou li prezente li bay patwon an. Anplwaye yo ka bay patwon yo nenpòt dokiman ki nan [Lis Dokiman Akseptab](#) nan Fòm I-9 la pou yo montre idantite yo ak kalifikasyon pou travay. Pou Fòm I-9 la, yon kat travay ki poko ekspire oubyen yon kat travay ke FRN pwolonje otomatikman peryòd validite li, oubyen papyè moun an akseptab pou pwouve idantite moun nan ak kalifikasyon li pou travay.





Patwon yo ka jwenn plis enfòmasyon sou jan pou ranpli Fòm I-9 la, si yo ale sou [Santral I-9](#) [1-9 Central] oubyen rele Sant Kontak I-9 la [1-9 Contact Center]:

- Pou Patwon yo: 888-464-4218 
- Pou Anplwaye yo: 888-897-7781 
- TTY: 877-875-6028 

## Diskriminasyon nan Verifikasyon Travay

Moun ki gen TPSyo ki bezwen montre ke yo toujou gen papyè legal pou jwenn yon lisans pou kondwi oubyen pou yon ajans leta oubyen lokal ki itilize [Pwogram SAVE](#) USCIS la pou montre yo kalifye pou lòt avantaj dwe gen nimewo etranje oubyen nimewo I-94 lan. Yo ka jwenn yo sou plizyè dokiman imigrasyon yo te resevwa konsènan TPS yo.

Anplwaye yo kapab pote plent pou patwon yo ki refize dokiman ki akseptab pou rezon I-9 oubyen youn ki refize aksepte yon kat travay ki pwolonje otomatikman, oubyen poze nenpòt kesyon ki gen pou wè ak diskriminasyon, nan Seksyon Dwa Imigran ak Anplwaye nan Divizyon Dwa Sivik Depatman lajistis la:

- Pou Anplwaye yo: 800-255-7688 
- Pou Patwon yo: 800-255-8155 
- TTY: 202-616-5525  oubyen 800-237-2515 

## Montre Eitati bay Biwo Leta yo

Moun ki gen TPS yo ki bezwen montre ke yo toujou gen dwa pou viv lan peyi pou jwenn yon lisans pou kondwi oubyen pou yon biwo leta ki itilize [Pwogram SAVE \[PREZÈVE\]](#) USCIS la dwe gen nimewo etranje oubyen nimewo I-94 lan. Yo ka jwenn yo sou plizyè dokiman imigrasyon yo te resevwa konsènan TPS yo.

DHS voye dokiman sa yo ki montre kalifikasyon sa a:

- Fòm I-797, Anons Aksyon, anons ke yo apwouve pou I-821, Aplikasyon pou Estati Pwoteksyon Tanporè, gen yon nimewo etranje;
- Fòm I-766, Dokiman Otorizasyon pou Travay (KAT TRAVAY). Kat travay ke yo bay moun ki gen TPS yo ap montre yon kategori A12 oubyen C19 epi yo gen yon nimewo etranje;
- Fòm I-512, Otorizasyon pou Libète sou Kondisyon pou yon Etranje Ozetazini, gen yon nimewo etranje. Se fòm sa a yo bay moun ki gen TPS yo ki mande otorizasyon pou vwayaje epi ki pèmèt yo vwayaje kite Lètazini epi retounen, si oyorite Ladwann ak Pwoteksyon Fontyè yo pèmèt yo rerantre lan peyi an; epi
- Fòm I-94 Dosye Vini /Ale a, gen yon nimewo I-94.

Moun ki gen TPS yo ka gen tou yon denye lòd ke Biwo Egzekitif ki Revize Ka Imigrasyon yo ki bay TPS ki ka gen swa yon nimewo etranje oubyen yon nimewo I-94.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan SAVE sou Avantaj pou Aplikan [isit la](#).

Si DHS te bay yon FRN ki anonse pwolongasyon otomatik pou sèten dokiman ki gen rapò ak TPS, SAVE konseye moun ki gen TPS yo pou yo montre biwo leta oubyen biwo lokal yo yon kopi FRN nan ki pwouve pwolongasyon sa a ak denye dokiman imigrasyon sòti an. Si ou gen yon anons ke yo te voye ba ou ki pwolonje otomatikman kat travay ki gen rapò ak TPS ou a, ou ka montre anons sa a ak kat travay ou a tou.

Menmsi SAVE ka verifye lè yon moun gen TPS, chak biwo gen règ pa yo kote yo deside si y'ap aksepte dokiman ki gen pou wè ak pwolongasyon otomatik TPS la. Ou dwe bay biwo an yon kopi FRN ki montre pwolongasyon dokiman ki gen pou wè ak TPS yo an plis denye dokiman ki gen pou wè ak TPS la ak nimewo etranje ou oubyen nimewo I-94 ou an. Ou dwe eksplike ke SAVE kapab verifye kontinyasyon TPS ou a. Ou dwe mande biwo pou li fè yon demann lan SAVE avèk enfòmasyon ou epi kontinye ak tout lòt verifikasyon an plis yo, si sa nesèsè, pou jwenn yon denye repons SAVE lan ki montre TPS la. Ou ka mande biwo an pou'l chèche anons

SAVE yo tou oubyen kontakte SAVE si yo gen nenpòt kesyon sou estati imigrasyon ou oubyen pwolongasyon otomatik dokiman ki gen rapò ak TPS la.